



## Deklarasyon sou Pwoteksyon Dwa Sivil pou Kominote Imigran yo

Isit la nan New Jersey, nou rete fèm angaje pou pwoteje kominote imigran eta nou yo kont diskriminasyon ilegal ak asèlman ki baze sou patipri. Eta nou an genyen plis pase de milyon imigran. Yo se kolòn vètebral kominote nou yo, epi yo ranfòse fòs travay nou an epi yo enpòtan anpil pou ekonomi eta nou an. Li enpòtan pou popilasyon imigran eta nou an kapab travay, jwenn lojman, ale lekòl, chèche swen medikal, epi jwenn aksè nan sèvis piblik san diskriminasyon ak asèlman.

Lwa New Jersey kont diskriminasyon (LAD) entèdi anplwayè yo, founisè lojman yo, ak kote akomodasyon piblik yo—sa vle di, kote ki ouvri pou piblik la, ki gen ladan lekòl, lopital, etablisman swen sante, magazen, ak depatman lapolis, pou nonmen sèlman yon kèk—soti nan diskriminasyon ki baze sou orijin nasyonal, zansèt, nasyonalite, ras, ak lòt karakteristik pwoteje. Pwoteksyon sa yo aplike kèlkeswa estati sitwayènte w oswa sitiayson imigrasyon w. Dapre LAD la, tout moun—ki gen ladan moun ki pa sitwayen ameriken, refijye, ak imigran—gen dwa egal pou yo viv san diskriminasyon.

Anplwayè, founisè lojman, ak kote ki ouvri pou piblik la vyole LAD lè yo fè diskriminasyon dapre orijin nasyonal aktyèl oswa yo konnen yon moun, zansèt, nasyonalite, ras, oswa lòt karakteristik pwoteje. Nasyonalite dirèkteman lye ak kote yon moun gen sitwayènte, tandiske orijin nasyonal ak zansèt refere ak kote yon moun gen orijin li (oswa zansèt). Pwoteksyon sa yo vle di, pami lòt bagay, espas travay oswa pwopriyetè yo entèdi pou yo kenbe règleman oswa pratik ki trete moun yon fason diferan selon lyen yo konnen oswa aktyèl yo nan yon peyi espesifik. LAD la entèdi tou tout fòm pwofil ki baze sou orijin nasyonal, zansèt, nasyonalite, ras, ak lòt karakteristik pwoteje. Pa egzanp, li ilegal pou yon ofisyè tribunal minisipal mande yon moun pou montre pyès idantite l paske li gen yon non Espanyòl

Pwoteksyon LAD kont diskriminasyon ki baze sou nasyonalite vle di tou li ilegal nan New Jersey pou fè diskriminasyon ki baze sou sitwayènte—ak yon eksepsyon limite pou restriksyon sitwayènte lwa leta oswa federal mande, tankou fòmilè verifikasiyon kalifikasyon travay federal I-9 la, oswa pou restriksyon travay ki nesesè pou pwoteje enterè nasyonal la. Pa egzanp, li ilegal pou yon lopital refize yon moun tretman oswa yon lekòl trete yon élèv yon fason diferan paske li pa yon sitwayen ameriken.

LAD egzije tou pou patwon yo, founisè lojman yo, ak kote ki louvri pou piblik la pou yo abòde ak reponn ak asèlman ki baze sou orijin nasyonal, zansèt, nasyonalite, ras, ak lòt karakteristik ki pwoteje. Pa egzanp, si yon pwopriyetè konnen yon lokatè t ap asele yon vwazén plizyè fwa selon peyi orijin li oswa lang li pale epi asèlman an fè anviwònman kote l ap viv la ostil, founisè lojman an vyole LAD la si li pa pran aksyon pou kanpe asèlman an.

Epitou, LAD entèdi vanjans kont tout moun ki pote plent kont diskriminasyon oswa asèlman. Dapre LAD, moun ki angaje oswa menase pou pran revanj pou diskriminasyon yo ka responsab pèsonèlman pou aksyon yo. Pa egzanp, yon jesyonè lojman ki menase pou denonse yon lokatè nan sèvis imigrasyon paske lokatè a te plenyen diskriminasyon ta vyole LAD. Yo ta ka responsab pèsonèlman pou aksyon yo, epi patwon yo ka responsab tou.

Nou rete angaje pou pwoteje dwa sivil tout moun New Jersey yo, epi nou p ap tolere yo vize moun ki baze sou orijin nasyonal yo, zansèt yo, nasyonalite yo, ras yo, oswa nenpòt lòt karakteristik pwoteje yo. Pa fè erè: Si w vyole lalwa lè w vize kominote imigran eta nou an ilegalman, n ap rann ou responsab.

Nou ankouraje mamm kominote yo pou yo rapòte bay DCR prèv diskriminasyon oswa asèlman ki baze sou patipri. Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou depoze yon plent, tanpri ale nan NJCivilRights.gov oswa rele 1.833.NJDCR4U. Pou asistans nan lang, voye yon imèl bay DCR nan [LanguageHelp@njcivilrights.gov](mailto:LanguageHelp@njcivilrights.gov). Sèvis DCR yo gratis pou tout moun kèlkeswa sitwayènte yo oswa sitiayson imigrasyon yo, epi anplwaye DCR yo pa mande sou sitwayènte oswa sitiayson imigrasyon yo. Pou plis enfòmasyon, tanpri konsilte resous DCR sou diskriminasyon orijin nasyonal nan [travay](#), [lojman](#), ak [kote pou akomodasyon piblik](#).